

## Tanpri siyen epi retounen

*Chè Paran/Gadyen,*

Pwogram andeyò lè lekòl sa (“Program”) ap fè pati nan yon inisyativ nan tout vil la ( “Patenarya nan Inisyativ Ansèyman sosyal ak Emosyonèl”) (PSELI) pou tout oswa yon pati nan peryòd tan apati Septanm 2017- Jen 2021. Inisyativ sa a ke Boston Public Schools (“BPS”) and Boston After School & Beyond (“BASB”) jere, ap chèche pou konprann kalite tan ansèyman pwolonje nan Greater Boston ak kijan pwogram yo sipòte ansèyman sosyal ak emosyonèl elèv yo. Plizyè òganizasyon rechèch pral ede nan pwojè mezi a: Enstiti Nasyonal sou Tan apre lekòl [National Institute on Out-of-School Time (NIOST)], Enstiti PEAR (“PEAR”), RAND Kòporasyon ak Kolaborasyon pou Ansèyman Akademik Sosyal ak Emosyonèl [RAND Corporation, and Collaborative for Academic, Social and Emotional Learning] (“CASEL”)( kolektivman, “Òganizasyon Rechèch yo”).

### Lè ou ranpli, siyen, epi retounen Fòm Konsantman sa a, ou rekonèt epi dakò avèk sa ki annaprè a:

1. BASB, Research Organizations, ak Boston Public Schools (“BPS”) ap gen aksè a demokrafik ak enfòmasyon akademik ki annaprè a sou pitit ou (ke yo jwenn nan Pwogram ak/oswa BPS): prezans elèv la nan pwogram lan, lekòl ou te frekante, ras, sèks, klas, laj/dat nesans, estati Elèv kap aprann lang Angle (ELL), kòd postal kay la, prezans pandan ane lekòl (jou prezan, jou anreta, pousantaj), dosye disiplin (ensidan sispansyon total, jou sispansyon, ekspilsyon), rezilta tès, State Assigned Student Identifier (SASID) ak ID Lekòl Piblik Boston. Done sa yo konfidansyèl e yap itilize yo pou evalyasyon nan bi pou amelyore tan elaji nan pwogram ansèyman.
2. Lekòl Piblik Boston ka pataje enfòmasyon sou dosye akademik chak elèv avèk anplwaye non-pwofi yo nan kominote a kap ede pou fè fonksyone lokal pwogram ete a. Yap itilize done sa pou planifikasyon pwogram nan e yo pap pataje l piblikman nan okenn fason.
3. Elèv yo ka ranpli evalyasyon dyagnostik akademik pandan ane lekòl la pou evalye pwogrè ak konpetans yo. Pwofesè yo ka evalye kwasans akademik elèv la ak/oswa konpetans pandan ane lekòl la. Yo ka pataje enfòmasyon sa a avèk Òganizasyon Rechèch BASB, ak anplwaye nan ane akademik nan Boston Public Schools, yo pap pataje nan okenn fason done endividyèl elèv la.
4. Yo ka mande elèv yo ki nan klas 4-6 ane pou ranpli yon *sondaj ki rele NIOST sou Rezilta Jèn ak Edikasyon [Academic and Youth Outcomes (“SAYO Y”)]*. The SAYO Y se yon rezime kout ke yap pran nan fen pwogram nan ki mande elèv yo osijè eksperyans yo nan pwogram lan avèk plan yo pou lavni. Patisipasyon nan sondaj la volontè e elèv yo ka sispann li a nenpòt kilè san pa gen okenn penalite. Yo pap pataje repons endividyèl yo avèk Pwogram nan. Si ou ta gen nenpòt kesyon sou sondaj sa, itilize done sa yo, oswa patisipasyon pitit ou, kontakte Dr. Georgia Hall nan (781) 283-2530 oswa ghall@wellesley.edu, oswa Nancy L. Marshall nan nmarshall@wellesley.edu.
5. Yo ka mande elèv yo ki nan klas 3 - 6 ane pou ranpli yon sondaj ki rele Evalyasyon Olistik Elèv [Holistic Student Assessment (HSA) ak/oswa Sondaj ke PEAR te devlope. HSA se yon zouti ki kapab apwofondi konpreyansyon bezwen ak fòs emosyonèl sosyal elèv la. Elèv yo ap ranpli yon sondaj kout sou tèt yo, omwen de fwa pa ane. BPS ak pwogram lan pral itilize rezilta HSA yo pou kiltive pwèn fò, kapasite ak siksè akademik chak elèv. BASB, BPS, ansanm avèk Òganizasyon Rechèch yo ap gen aksè avèk done ak rezilta HSA yo. PEAR rezève dwa pou itilize tout done HSA pou alafwa rechèch ak bi edikasyon. Si ou ta gen nenpòt kesyon osijè oswa CI, kontakte Jane Aibel nan 617-484-0466 ekstansyon 204 oswa jaibel@mclean.harvard.edu.

### Konfidansyalite sou Done ki Kolekte a

Patisipasyon pitit ou nan inisyativ la ede nou pi byen konprann tan pwogram ansèyman pwolonje nan Greater Boston ak kijan pwogram lan sipòte ansèyman sosyal ak emosyonèl elèv yo. Yap kenbe konfidansyèl tout done ki kolekte yo ki ka idantifye pitit ou. Nan rapò rezilta rechèch yo, nou pral rapòte sèlman gwoup done ak/oswa done ki pa bay idantifikasyon w. A okenn moman ak nan okenn fason yo pa pral idantifye yon elèv nan yon rapò piblik. Sèl eksepsyon nan konfidansyalite se pral nan ka kote nenpòt enfòmasyon ki pibliye ap endike ke timoun nan andanje.

### Piblikasyon Foto ak Videyo

BPS, BASB ak/oswa patnè/ajan yo ka fè anrejistreman videyo oswa pran foto sou patisipasyon pitit ou nan pwogram lè yo itilize videyo ak/oswa fotografi dijital. Yo ka pran imaj sa yo anvan, pandan, oswa apre pwogram nan. Yo ka itilize imaj sa yo nan bi pou pataje patisipasyon pitit ou ansanm avèk pèspektiv ki asosye a yon odyans piblik. Yo ka pibliye imaj yo, afiche oswa jwe yo atravè

Tanpri siyen epi retounen

yon varyete chanèl kominikasyon, enkli men ki pa limite a enprime, televizyon, ak/oswa sou entènèt.

**SIYATI OBLIGATWA NAN LÒT PAJ LA → → →**

**Tanpri ranpli, siyen epi retounen.**

Lè mwen siyen fòm sa ki anba, mwen bay pèmisyon pou pitit mwen patisipe nan Pwogram PSELI Measurement, e mwen rekonèt ke mwen te li, konprann, epi aksepte tout aspè yo nan PSELI Measurement ki dekri nan fòm sa a nan paj 2.

Pwogram kote pitit ou enskri: \_\_\_\_\_

Non Konplè Timoun nan (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi): \_\_\_\_\_

Dat Nesans Timoun: \_\_\_\_\_ Timoun BPS ID : \_\_\_\_\_

Sèks Timoun: \_\_\_\_\_ Klas Aktyèl Timoun (Ane lekòl 2019-2020): \_\_\_\_\_

Lekòl Timoun: \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Relasyon avèk Timoun nan: \_\_\_\_\_

**\*\* SIYATI PARAN/GADYEN \*\***: \_\_\_\_\_ **Dat**: \_\_\_\_\_